

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Di wewengkon Garut, nyampak seni tembang Cigawiran. Éta seni Cigawiran téh nurutkeun Abah K.R.Iyet Dimiyati, seniman kahot Cigawiran ogé sesepuh di Pasantren Hidayatun Sibyan, mimiti aya dina taun 1820-an. Ieu kasenian téh hirup kalawan turun tinurun nepi ka kiwari. Hirup jeung tumuwuhna kasenian Cigawiran ieu téh asalna di kalangan kaum ménak jeung di kalangan ulama di lingkungan pasantrén-pasantrén, hususna nu aya di wilayah Selaawi Kacamatan Limbangan Kabupaten Garut.

Kasenian tembang Cigawiran téh dipintonkeun dina wangun *accapella*, Kasenian ieu téh miboga harti, simbol, peranan, fungsi, falsafah, jeung ajén-inajén nu mandiri. Eusi jeung témana ngandung fatwa-fatwa nu sifatna pangajak, pangéling, peupeujeuh, jeung aya ogé nu sipatna hiburan. Lantaran eusi jeung téma ngandung fatwa-fatwa, dina kamekaranana, ieu kasenian téh dipungsikeun jadi sarana dakwah utamana ditanggap dina acara-acara Islam, saperti muludan jeung rajaban. Salian ti eta, ieu kasenian téh ditanggap ogé dina upacara adat nikahan sérén-tampi calon pangantén jeung buka pintu, sawér dina sundatan, jeung dina acara kapapaténan dina runtuyan talqin mayit.

Dina taun 1980-an, kasenian Cigawiran jadi materi pikeun pangajaran Tembang Sunda (Vokal Sunda Tradisional) di Paguron Luhur, di antarana waé, di *Sekolah Seni dan Program Seni di Jurusan Karawitan STSI Bandung, Program Pendidikan Seni Musik FPBS UPI, jeung Jurusan Karawitan SMK (SMKI) Bandung*. Kasenian Cigawiran ogé kungsi sababaraha kali ditanggap dina acara pintonan seni budaya Sunda nu lokasina di sabudeureun Jawa Barat hususna di wilayah Bandung jeung Garut saperti di gedung Merdeka, Rumentang Siang, Taman Budaya, Sunan Ambu, Padépokan Seni, jeung Pendopo (Budiwati, 2003, kc. 5)

**Isna Asri Rahmi, 2018**

**STRUKTUR JEUNG AJÉN AGAMA**

**DINA RUMPAKA TEMBANG CIGAWIRAN**

**KARYA K.R. IYET DIMYATI**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

Tembang Cigawiran mangrupa kasenian nu masih dipupusti ku masarakat kampung Cigawir lantaran eusina méré kakuatan spiritual. Anu jadi pasualan, masarakat ayeuna boga anggapan yén nembangkeun téh hésé. Boh barudak boh kolot, leuwih mikaresep kana lagu pop Sunda nu matak teu anéh upama tembang di jaman kiwari kurang dipikawanoh. Nilik kana kaayaan di jaman kiwari, pangaruh budaya asing nu gancang p<sup>S</sup> nerapna ka masarakat, ogé jadi salah sahiji faktor nu ngabalukarkeun éksisténsi tembang Sunda sorangan beuki nyirorot. Saupama kaayaanana kieu tuluy, lila-lila tembang Sunda bakal saukur jadi artéfact sajarah sastra Sunda nu kapopohokeun.

Rumpaka tembang téh kaasup salasahiji karya sastra Sunda anu hirup di masarakat. Tembang Sunda ogé mangrupa wanda kasenian anu dianggap ku masarakat miboga ajén nu luhung ogé paling kompléks (Wibisana, spk, 2000, kc. 266). Padahal dina rumpaka tembang Sunda anu aya di tatar Sunda téh loba pisan ajén inajén filosofis anu bisa dilenyepan pikeun diimplementasikeun dina kahirupan sapopoé (Suryalaga (2010, kc. 10).

Rumpaka tembang kaasup kana karya sastra wangun puisi heubeul. Upama diwincik mah puisi heubeul téh ngawengku: (1) Sisindiran (wawangsalan, paparikan, rarakitan), (2) Sair (kawih kaulinan barudak jeung nadom), (3) Jangjawokan (puisi mantra), jeung Pupuh (Danasasmita, 1984, kc. 7). Rumpaka tembang nu ditulis maké patokan pupuh, dumasar kana kaputusan Seminar Tembang Sunda dina taun 1962, kabagi jadi tilu rupa, nyaéta (1) tembang Sunda lagam Cianjuran (nu asalna ti daérah Cianjur), (2) lagam Ciawian (nu asalna ti daérah Ciawi, Tasikmalaya), jeung (3) lagam Cigawiran (nu ayeuna masih ditanggap di Cigawir, Limbangan, Garut) (Wibisana, spk, 2000, kc. 268).

Tembang Sunda anu sacara umum sok disebut tembang Sunda Cianjuran, nyaéta tembang klasik anu teu kaéréh ku parobahan jaman, henteu pugur ku usum henteu laas ku mangsa, abadi tur miboga tempat husus dina diri urang Sunda. Pagelaranana mikabutuh *instrumen* nu tangtu jeung tata cara anu santun mére gambaran yén tembang Sunda kaasup “*seni pedaleman*” (Suryalaga, 2010, kc.

**Isna Asri Rahmi, 2018**

**STRUKTUR JEUNG AJÉN AGAMA**

**DINA RUMPAKA TEMBANG CIGAWIRAN**

**KARYA K.R. IYET DIMYATI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |  
perpustakaan.upi.edu

50). Kitu ogé tembang Ciawian anu miboga ciri has sorangan nyaéta sair nu dipaké dina tembang Ciawian lolobana maké patokan pupuh KSAD atawa sekar ageung.

Zoetmulder (dina Riyadi, 1993, kc. 5) nétélakeun yén salasahiji wangun seni anu *terpelihara* nyaéta karya sastra. Ngaliwatan karya sastra, masarakat bisa ngébréhkeun ide-idenana nu *religijs* jeung sawanganana ngeunaan manusa jeung alam. Salaku karya anu dicipta kalawan kréatif, karya sastra mangrupa ébréhan pribadi manusa tina ide-idenana, pangalaman, jeung pikiran dirina. Dumasar kana éta hal, karya sastra mun diteuleuman jeung diteleban ngandung ajén-ajén anu luhung. Ajén-ajén anu nyampak dina karya sastra diantaranya aya ajén falsafah, ajén budaya, ajén kaagamaan, ajén psikologis, jeung ajén moral. Ku kituna, teu anéh upama eusi tina éta tembang Cigawiran gé sacara umum ngandung falsafah urang Sunda nu “silih asah, silih asih, jeung silih asuh”.

Peran karya sastra pikeun kahirupan manusa téh loba pisan mangpaatna, diantaranya baé lamun aprésiator maca jeung ngadéngékeun karya sastra, tangtu bakal meunang pamikiran nu jembar jeung bakal jadi bungah lamun ngarasa kahibur gumantung karya sastra nu geus diaprésiasina. Kitu ogé ngeunaan tembang Sunda anu kaasup salasahiji sastra klasik wangun ugeran (puisi). Suryalaga (2010, kc. 69) ngajelaskeun yén konsep filosofis pamikiran anu lega jeung nyosok jero bisa ditembangkeun ku wirahma nu matak mikat kana haté dibarung ku jentrengna kacapi, suling.

Sanajan kitu, tembang Sunda anu sering ditembangkeun téh maksudna mah loba nu can kaguar hartina, nu nongton jeung apresiator masih kairut ku juru tembang jeung nayagana. Nu ngadéngékeun sacara psikologis kapangaruhan ku wirahmana nu bisa ningtrimkeun ati anu keur baluweng.

Tembang Sunda Cigawiran salaku salah sahiji produk kaarifan budaya lokal Cigawir dianggap éféktif pikeun dijadikeun sumber atikan, lantaran dina rumpaka tembang nu bahanna pupuh téh nyampak kualitas sastra nu boh sacara éstétis boh sacara filosofis mibanda ajén-inajén budaya jeung agama anu luhung.

**Isna Asri Rahmi, 2018**

**STRUKTUR JEUNG AJÉN AGAMA**

**DINA RUMPAKA TEMBANG CIGAWIRAN**

**KARYA K.R. IYET DIMYATI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |  
perpustakaan.upi.edu

Ieu perlu disosialisasikeun ka para nonoman Sunda anu teu mikawanoh Tembang Sunda Cigawiran jeung ka masarakat Sunda umumna. Éta hal saluyu jeung pamadegan Budiwirman (2005, kc. 67), anu nétélakeun yén Seni tradisional anu miboga ajén-ajén seni anu luhung minangka kareueus bangsa perlu dimumulé sangkan teu kaéréh.

Masarakat Sunda nganggap yén Sunda jeung Islam téh idéntik. Sunda téh Islam, Islam téh Sunda. Sawangan éta dumasar kana tradisi pola pikir masarakat Sunda anu percaya yen Islam téh minangka gaganti identitas agama Sunda anu saacanna dicepeng ku Pajajaran. Éta hal disababkeun karajaan Pajajaran teu nanjeur sanggeus ayana kerajaan Islam-Sunda, ku kituna otoritas rohani Sunda dibikeun ka para kaum ulama Sunda di pasantrén-pasantrén (Sumardjo, 2011, kc. 101).

Kamekaran Islam di tatar Sunda, hususna di Garut, leuwih kaorganisasi ngaliwatan lembaga-lembaga atikan di pasantrén. Islam sumebar ku sabab ieu agama miboga misi dakwah. Hartina agama Islam kudu ditepikeun, sumebar, jeung diajarkeun ka masarakat. Sanajan sacara doktrin agama Islam kudu sumebar, tapi dina praktekna henteu aya paksaan yén hiji jalma kudu asup ka agama Islam. Ku kituna, kamekaran agama Islam di tatar Sunda aya dina lolongkrang. Éta sajalan jeung misi Cigawiran nyaéta minangka alat média pikeun mekarkeun agama Islam. Métonde anu dipakéna nyaéta *bilhikmah wal muidzotil khasanah* pinuh ku hikmah jeung kawijaksanaan, hartina kumaha cara sangkan hidayah ti Alloh bisa ditarima ku umat manusa, panyangkem agama ditepikeun ngaliwatan métonde seni tembang Cigawiran, matérina ngawengku matéri agama utamana tauhid, akhlak, suluk, jeung tasawuf.

Panyangkem seni modéren béda pisan jeung seni Islami. Kasenian modéren ngan saukur mentingkeun bentuk fisik jeung sagala anu katempo jeung katémbong, moal niiskeun haté jeung moal ngajembaran wawasan kaélmaan aprésiatorna. Malah sabalikna ieu wanda seni téh ngan saukur numuwuhkeun kahamhaman.

**Isna Asri Rahmi, 2018**

**STRUKTUR JEUNG AJÉN AGAMA**

**DINA RUMPAKA TEMBANG CIGAWIRAN**

**KARYA K.R. IYET DIMYATI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |  
perpustakaan.upi.edu

Bédana seni Islami jeung seni séjénna nyaéta dina hal ngaéksprésikeun jeung misina. Seniman anu mukmin moal nurutkeun hawa nafsuna jeung moal nyieun aturan seni sorangan. Tapi seniman Islami miboga métode ilmiah jeung unggal karya anu dihasilkeunana pikeun kautamaan jeung rahmat Ilahi, anu digambarkeunana dina wangun makhluk jeung sakabéh alam ciptaan-Na.

Hakékatna, seni Islam mangrupa tafsiran pikeun harti Quran kana hikmah Allah anu Maha wijaksana. Seni Islam mangrupa ungkapan sacara tuluy-tumuly kana kaagungan mahluk jeung ciptaan-Na, ogé minangka ibadah jeung sucina jiwa. Ku kituna, haté seniman mukmin jeung aprésiator pinuh ku rasa tingtrim.

Analisis karya sastra mangrupa usaha pikeun nyangkem harti katut méré maksud kana téks karya sastra. Unsur-unsur nu jadi pangwangun éta karya sastra téh ngahiji jadi karya nu hadé téa. Perkara maluruh unsur-unsur dina hiji karya bisa diulik ngagunakeun teori struktural anu jadi péso panalungtikanna. Nu satuluyna ditéangan ajén-ajén séjénna.

Ulikan ngeunaan tembang téh lain perkara anyar, saacanna geus aya nu nalungtik, diantarana waé, *Sosialisasi Nilai-Nilai Budaya dan Fungsi Tembang Sunda Cigawiran Pada Kehidupan Masyarakat Cigawir* ku Dewi Suryati Budiwati (2003), *Rumpaka Tembang Pasantrén Hariring Dangding Cigawiran Karya K.R. Iyet Dimiyati (Ulikan Struktural Jeung Sémiotik)* ku Isna Asri Rahmi (2015), jeung *Rumpaka Tembang Sunda Cigawiran (Tilikan Struktural jeung Étnopédagogik)* ku Dian Astriani (2015). Nilik kana ambahan panalungtikan nu geus disebutkeun, aya sasaruana katut bédana jeung panalungtikan nu rék digarap. Sasaruanna nya éta objék panalungtikanna nu mangrupa analisis struktural dina rumpaka tembang jeung objék nu ditalungtikna ngeunaan tembang Cigawiran, ari nu ngabédakeunna mah objék nu dianalisisna nya éta nepi ka kiwari can aya panalungtikan anu sacara husus ngaguar ngeunaan ajén atikan agama dina rumpaka *Tembang Pasantrén Hariring Dangding Cigawiran*.

Nilik kana masalah-masalah anu dibahas di luhur, katitén kacida pentingna diayakeun panalungtikan ngeunaan karya Raden Iyet Dimiyati, sangkan bisa

**Isna Asri Rahmi, 2018**

**STRUKTUR JEUNG AJÉN AGAMA**

**DINA RUMPAKA TEMBANG CIGAWIRAN**

**KARYA K.R. IYET DIMYATI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |  
perpustakaan.upi.edu

mekarkeun pangaweruh ngeunaan titinggal budaya Sunda, di sagigireun éta ogé bisa ngayakeun panalungtikan leuwih jero ngeunaan karya-karya Raden Iyet Dimiyati anu ayeuna geus diaku minangka generasi tembang Cigawiran nu pangkahotna.

Panalungtikan nyaéta eusi rumpaka tembang karya Raden Iyet Dimiyati dina wangun tembang, anu ngabahas ngeunaan ajén atikan agama Islam anu nyampak dina karyana. Saperti anu dipikawanoh ku balaréa, karya Raden Iyet Dimiyati sering ngabahas kaula (manusa) jeung Sang Khalik (Pangéran anu nyiptana). Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Struktur jeung Ajén Atikan Agama dina Rumpaka Tembang Cigawiran Karya Raden Iyet Dimiyati” dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

Bahan panalungtikan dina ieu tésis mangrupa buku Rumpaka Tembang Cigawiran karya Raden Iyet Dimiyati. Dina ieu panalungtikan dibahas ngeunaan maksud jeung ajén agama anu aya dina éta tembang.

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Eusi rumpaka karya Raden Iyet Dimiyati sacara husus patali jeung kaislaman nyaéta manusa jeung Nu Mahakawasa. Ku kituna dina ieu panalungtikan ogé ditalungtik ngeunaan ajén agama anu aya dina rumpaka tembang Cigawiran, dumasar kana Al Quran jeung Hadis salaku papagon keur anu ngagem agama Islam. Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan struktur rumpaka tembang Cigawiran salaku karya sastra nyoko kana struktur batin puisi anu ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat, sarta struktur fisik (lahir) puisi anu ngawengku wirahma (guru gatra, guru lagu, guru wilangan), imaji, simbul/lambang, jeung gaya basa.

**Isna Asri Rahmi, 2018**

**STRUKTUR JEUNG AJÉN AGAMA**

**DINA RUMPAKA TEMBANG CIGAWIRAN**

**KARYA K.R. IYET DIMYATI**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
perpustakaan.upi.edu

Ari ajén agama tina rumpaka tembang Cigawiran nyoko kana ajaran agama Islam anu diwangun ku tilu unsur nyaéta akidah, ibadah, jeung akhlaq.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Saluyu jeung kasang tukang katut watesan masalah, masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi téks rumpaka tembang Cigawiran karya Raden Iyet Dimiyati?
- 2) Kumaha struktur fisik jeung batin rumpaka tembang Cigawiran karya Raden Iyet Dimiyati?
- 3) Naon waé ajén agama Islam anu nyampak dina rumpaka tembang Cigawiran karya Raden Iyet Dimiyati?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum, ieu panalungtikan mibanda udagan pikeun mekarkeun pangaweruh ngeunaan titinggal budaya Sunda. Di sagigireun éta ogé sabada diayakeun ieu panalungtikan, bisa dijadikeun sumber bacaan masarakat Sunda pikeun mikawanoh tur maham kana eusi rumpaka Tembang Cigawiran karya Raden Iyet Dimiyati.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- 1) Téks rumpaka tembang Cigawiran karya Raden Iyet Dimiyati.
- 2) Struktur fisik jeung batin anu nyampak dina rumpaka tembang Cigawiran karya Raden Iyet Dimiyati; jeung
- 3) Ajén agama Islam anu nyampak dina rumpaka tembang Cigawiran karya Raden Iyet Dimiyati.

## **1.4 Manfaat Panalungtikan**

**Isna Asri Rahmi, 2018**

**STRUKTUR JEUNG AJÉN AGAMA**

**DINA RUMPAKA TEMBANG CIGAWIRAN**

**KARYA K.R. IYET DIMYATI**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |

[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat tioritis jeung praktis. Pedaran ngeunaan mangpaat tina ieu panalungtikan diébréhkeun di handap.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan tembang nu kungsi aya sarta nu masih kénéh aya di Garut. Hasil kajianana bisa dijadikeun salasahiji réferénsi pikeun kaperluan-kaperluan nu aya patula-patalina jeung ieu panalungtikan, utamana ngeunaan tembang Cigawiran karya Raden Iyet Dimyati.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

- 1) Pikeun panalungtik, nambahan pangaweuh tur pangalaman dina proses panalungtikan ngeunaan ajén atikan agama anu aya dina rumpaka tembang Cigawiran, jeung numuwuhkeun kareueus kana budaya Sunda;
- 2) Pikeun masarakat umum, dipiharep bisa numuwuhkeun minat jeung karesep anu bisa nimbulkeun karep pikeun ngamumulé seni tradisional Sunda, ku cara latihan babarengan anu diayakeun ku kulawarga Hidayatun Sibyan unggal poé juma'ah di kampung Serang.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Sistematika nulis ieu tésis diébréhkeun dina lima bab saperti ieu di handap. BAB I Bubuka, eusina nétélakeun ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan tur raraga tulisan.

**Isna Asri Rahmi, 2018**

**STRUKTUR JEUNG AJÉN AGAMA**

**DINA RUMPAKA TEMBANG CIGAWIRAN**

**KARYA K.R. IYET DIMYATI**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)



BAB II Tatapakan Tiori eusina medar sajumlah tiori nu dijadikeun tatapakan pikeun nganalisis anu ditalungtik, diantarana ngawengku ngeunaan tiori tembang jeung ajén agama.

BAB III Méhode Panalungtikan eusina medar métode, desain, data jeung sumber data, téhnik sarta instrumén dina panalungtikan.

BAB IV Hasil panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan tina rumusan masalah sarta medar hasil analisis ngeunaan ajén agama anu kapanggih tina téks rumpaka tembang nu ditalungtik.

BAB V Kacindekan jeung Saran, eusina medar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun tur saran nu aya patalina jeung panalungtikan.

**Isna Asri Rahmi, 2018**

**STRUKTUR JEUNG AJÉN AGAMA**

**DINA RUMPAKA TEMBANG CIGAWIRAN**

**KARYA K.R. IYET DIMYATI**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) |  
[perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)